

DOKUMEN MADRASAH

SANGAT RAHASIA



NAMA :

NOMOR :

**MI HIDAYATUL MUHTADIIN DEMPEL
PENILAIAN AKHIR TAHUN MADRASAH IBTIDAIYAH
TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

Nama	: MI Hidayatul	Hari	:
Madrasah	Muhtadiin Dempel			
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	Tanggal	:
Kelas	: VI (Enam)	Waktu	:	90 Menit

I. Pilihlah jawaban yang benar dengan menuliskan huruf A, B, C atau D pada kolom yang disediakan !

- Andharan utawa nggambarake kanthi tembung-tembung kang jelas diarani ...
 - Dheskripsi
 - Eksposisi
 - informasi
 - narasi
- Bedane wacan dheskripsi lan wacan prosedur, yaiku ...
 - Dheskripsi njlentrehake tahapane gawe utawa nganggo samubarang, menawa prosedur nggambarake samubarang kanthi trewaca
 - Dheskripsi nggambarake samubarang kanthi trewaca, menawa prosedur menahi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang
 - Dheskripsi njlentrehake saweneh bab kanthi bukti-bukti kang kuwat, menawa prosedur menahi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang
 - Dheskripsi nyritakake ngaggo urutan wektu, menawa prosedur menahi weruh tahapane gawe utawa nganggo samubarang
- Isine mung khayal alias ora nyata utawa mokal anane iku titikane cerita rakyat kang disebut ...
 - Anonim
 - Kolektif
 - irasional
 - Imajinatif
- Gethok tular tegese ...
 - Disebarake saka wong adol gethuk
 - Nular saka mancanagara
 - Pungkasane crita ditutup kanthi nggethok tangan
 - Disebarake kanthi cara lesan
- Crita kang ana gayutane karo dumadine sawijining panggonan diarani ...
 - Legendha
 - Sage
 - fabel
 - mitos
- Saben dhaerah iku nduweni crita rakyat dhewe-dhewe. Kayat ing jawa timur ana asal usul kutha Surabaya. Salah sawijine titikan crita rakyat yaiku kolektif kang tegese ...
 - Isine mung khayal utawa ora nyata
 - Diduweni dening kabeh masarakat
 - Ora dimangerteni sapa sing ngarang

- D. Disebarake kanthi cara lesan
7. Sing klebu unsur intrinsik crita rakyat yaiku ...
- | | |
|-------------|--------------------------|
| A. Alur | C. Riwayat hidup panulis |
| B. Biografi | D. kahanan masarakat |
8. Idhe pokok kang dadi dhasar crita rakyat diarani ...
- | | |
|-----------|----------|
| A. Amanat | C. latar |
| B. Tema | D. alur |
9. Pesen moral iku uga bisa sinebut ...
- | | |
|-----------|------------------|
| A. Dhuwur | C. ngucur |
| B. Mujur | D. pitutur luhur |
10. Ing ngisor iki andharan babagan latar, kajaba ...
- | | |
|------------|---------------|
| A. Wektu | C. papan |
| B. Kahanan | D. sandhangan |

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 11-12.

Ing sawjining dina, putrane Raden werkudara lan Dewi Arimbi mijil. Bayi kang dilairake dening Dewi Arimbi awujud raksesa. Nganti umur setaun ari-arine jabang bayi isih nempel durung bisa puput. Putrane raden werkudara lan dewi arimbi mau diwenehi jeneng Tetuka. Nalika diwasa, dheweke ingaran Gathutkaca.

11. Gathutkaca iku putrane ...
- | | |
|--------------------------|--------------------|
| A. Prabu pandhu dewanata | C. raden werkudara |
| B. Prabu Tetuka | D. Bathara Narada |
12. Irah-irahan kang trep miturut wacan ing dhuwur yaiku ...
- | | |
|------------------------|----------------------------|
| A. Raden werkudara | C. laire gathutkaca |
| B. Kraton ngastinopuro | D. putrane raden werkudara |
13. Titikane wacan dheskripsi ing antarane, yaiku ...
- | |
|--|
| A. Kadadeane nganggo urutan wektu |
| B. Nggambarake samubarang kanthi cetha |
| C. Pamaca ora bisa nggambarake |
| D. Isine cara gawe utawa carane nganggo barang |
14. Banyu kali saka lereng gunung tiba ing papan kang luwih cendhek awujud grojogan, gembrojok unine. Ukara ing dhuwur migunakake pancadriya ...
- | | |
|-----------|-----------|
| A. Kulit | C. irung |
| B. Mripat | D. kuping |
15. Wong-wong ing sakiwa tengene gunung padha iwut karo pakaryane dhewe-dhewe. Tembung pakaryane padha tegese karo ...
- | | |
|---------------|----------------|
| A. Pagaweyane | C. kasenengane |
| B. Pakulinane | D. karemenane |
16. Cita kang ngrembaka ana ing satengahing masarakat diarani ...
- | | |
|--------------------|-----------------|
| A. Cerita rakyat | C. cerita cekak |
| B. Cerita legendha | D. crita sage |
17. Ing ngisor iki klebu unsur intrinsic crita rakyat , **kajaba** ...

- A. Paraga
B. Gaya Bahasa
- C. alur
D. tema

Wacan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 18-24.

Satriya pandhawa iku kabeh ana lima. Sing mbarep ingaran Yudhistira utawa Puntadewa. Banjur werkudara, Arjuna, Nakula, lan Sadewa. Yen saka urutan umur, Arjuna iku anak nomer telu. Mula saka kuwi, Arjuna sinebut satriya “Panengah Pandhawa”. Diarani Pandhawa saka tembung Pandhu lan hawa kang tegese ‘anak’. Dadi cethane, pandhawa iku tegese ‘anak Pandhu’. Ing pewayangan arjuna kondhang baguse. Kajaba kuwi arjuna uga kondhang kasektene. Mula, ora nggumunake yen arjuna tandah menang ing palagan. Aji-ajiane arjuna ing antarane Palimunan, tunggengmaya, lan sepiangin. aji palimunan iku njalari arjuna bisa ngilang

18. Wacan kasebut nyritakake tokoh wayang ...
- A. Arjuna
B. Nakula
- C. sadewa
D. werkudara
19. Ajian kang marakake raden arjuna bisa ngilang yaiku ...
- A. Sepiangin
B. Rawerontek
- C. palimunan
D. tunggengmaya
20. Satriya pandhawa iku kabeh ana ...
- A. Siji
B. Telu
- C. loro
D. lima
21. Ing ngisor iki jeneng pandhawa kanthi urutan yaiku ...
- A. Yudhistira, werkudara, arjuna, nakula, lan sadewa
B. Arjuna, yudhistira, werkudara, sadewa, lan nakula
C. Arjuna, sadewa, werkudara, nakula, lan yudhistira
D. Werkudara, arjuna, nakula, sadewa lan yudhistira
22. Geguritan kaperang dadi ... jinis
- A. 2
B. 3
- C. 4
D. 5
23. Ing ngisor iki klebu titikane geguritan, kajaba ...
- A. Isine mentas
B. Lumrahe nganggo purwakanthi ing ukara-ukarane
C. Sawetara migunakake tembung-tembung kawi
D. Migunakake basa baku
24. Supaya mangerteni isine geguritan, sing pisanan dilakokake yaiku ...
- A. Negesi tembung angel
B. Negesi saben larik
C. Nggoleki purwakanthi basa
D. Nggatekake panganggite
25. Ing ngisor iki klebu carane maca endah geguritan kajaba ...
- A. Wirama
B. Wirasa
- C. wirupa
D. wiraga
26. Kahanan ati sajrone geguritan kayata sedhik, susah, bungah, nelangsa lan sapiturute diarani ...

B. Sumatra

D. Papua

34. Kelap-kelip kae cahyane
Metu nyenengake ati lan kadhang
Kala medeni
Kewan iki ana sunare
Cilik tur endah nalika miber

Pethilan geguritan ing dhuwur nggambarake kewan ...

- A. Cegok
B. Konang
C. Kupu-kupu
D. Parkit

Teks geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 38-42.

Asrine Wana

Adoh saka ramene janma
Ana wana sing katon amba
Ijo royo-royo sedhep disawang netra
Sisa-sisa kaendahan Donya

Swara kewan-kewan saut-sautan
Manuk lan munyuk dolanan ing wit-witan
Ing tengah wana dilewati kali
Banyune mili nentremke ati

Muga-muga iki wana tansah ana
Nganti Donya nemoni pungkasan
Aja nganti iki wana malah sirna
Amarga dipangan majune jaman

35. Papan panggonan ing geguritan kasebut yaiku ...

- A. Kebon
B. Sawah
C. Taman
D. Alas

36. Adoh saka ramene janma.

- Janma tegese ...
A. Manungsa
B. Kutha
C. Desa
D. Segara

37. Wana kang digambarake ana ing geguritan iku katon ...

- A. Asri
B. Bubrah
C. crah
D. gundhul

38. Kewan sing dolanan ana ing geguritan kasebut yaiku ...

- A. Macan lan singa
B. Manuk lan munyuk
C. sura lan baya
D. jingklong lan temangga

39. Aja nganti wana iki malah sirna

- Amarga dipangan majune jaman
Tegese dipangan majune jaman, yaiku ...
- Digundhuli dingo pembangunan
 - Lumuten nganti wit-witane lapuk kabeh
 - Mati amarga paceklik dawa
 - Wit-witane ambruk kena angin lesus
40. Wayah esuk ing Kawasan gunung bromo endah banget. Ing sisih wetan sumamburat abang. Ukara kasebut migunakake panggambaran lumantar pancadriya ...
- Mripat
 - Irung
 - kuping
 - kulit
41. Aksara jawa wis ana wiwit abad ...
- 16
 - 17
 - 18
 - 19
42. Saben aksara carakan mesthi nduweni ... kanggo paten aksara sadurunge
- Pasangan
 - Sandhangan
 - pada
 - pepet
43. Cacahe aksara jawa padha karo cacahe untu, mula diarani aksara ...
- Carakan
 - Hanacaraka
 - legena
 - dentawyanjana
44. Wujude pasangan aksara jawa iku ana ...
- 3
 - 4
 - 5
 - 6
45. Ing ngisor iki sing klebu sandhangan wyanjana yaiku ...
- Cakra
 - Wulu
 - wignyan
 - taling tarung



46.  Aksara ing dhuwur iku diwaca ...
- Haja dumo
 - Haja demok
 - Aja dumeh
 - Aja delok

47. **ꦲꦤꦤꦏꦸꦏꦸꦠꦤꦤꦶ**
Aksara ing dhuwur iku diwaca ...

- A. Wajan ireng
- B. Mangan wajik
- C. wajik ireng
- D. mangan roti

48. Aksara kasebut diwaca ...

- A. Sandal telu
- B. Samar tetulung
- C. Seneng tetulung
- D. Sebel tetulung

ꦱꦶꦲꦶꦤꦠꦺꦭꦸꦁ

49. Tembung rujak nanas yen ditulis aksara jawa dadi ...

- A. **ꦱꦶꦲꦶꦤꦠꦺꦭꦸꦁ**
- B. **ꦲꦤꦤꦏꦸꦏꦸꦠꦤꦤꦶ**
- C. **ꦲꦤꦠꦺꦭꦸꦁ**
- D. **ꦲꦤꦠꦺꦭꦸꦁꦠꦺꦤꦶꦱ**

50. “anak polah yen ditulis nganggo aksara jawa dadi ...

- A. **ꦲꦤꦠꦺꦭꦸꦁꦠꦺꦤꦶꦱ**
- B. **ꦲꦤꦠꦺꦭꦸꦁ**
- C. **ꦱꦶꦲꦶꦤꦠꦺꦭꦸꦁ**
- D. **ꦲꦤꦤꦏꦸꦏꦸꦠꦤꦤꦶ**